

Deklarasyon Enpak sou Ekite: Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS ANE LEKÒL 2022-26

Tit: Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS ANE LEKÒL 22-26

Dat: Jedi 5 Out 2021

Non politik, inisyativ pratik, pwogram nan oubyen desizyon bidjètè ki sou etid

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: An Kou

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? X Wi Non

| Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo | Rezime/Motif |
|---|--|
| <p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militeng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p> | <p>Objectif: Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS pou Ane Lekòl 2022-26 (BPS Library Services Strategic Plan, LSSP22) vize founi tout elèv yo yon aksè ekitab nan divès pwogram bibliyotèk lekòl ki efikas avèk pwofesè bibliyotèk kalifye; yon finansman adekwa pou koleksyon pratik soutyen kiltirèl ak lengwistik (culturally and linguistically sustaining practice, CLSP) koleksyon nan tout fòm yo; ak divès espas asire ak akeyan pou bous ak angajman otantik. Pandan premye ane plan yon <i>Library Data Collection Toolkit (Bwat Zouti Koleksyon Done Bibliyotèk)</i> pral rive devlope ak mete an èv nan divès ane siksesif nan objektif pou ogmante, konstui ak kenbe resous yo pou elèv ki nan pi gwo bezwen yo.</p> <p>Rezilta Entèn/Ekstèn:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Akselere aprantisaj ak konpreyansyon kontni tout elèv yo (an patikilye Nwa yo, Latino yo, Azyatik yo, Aprenan Anglè yo, ak elèv Edikasyon Espesyal yo) aprantisaj ak konpreyansyon kontni yo nan: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Anplifye vwa elèv yo gras ak aksè ak divès koleksyon bibliyotèk kiltirèlman ak lengwistikman dirab nan objektif pou pwomouvwa kiryozi, diskou ak angajman elèv yo. ▪ Ofri divès eksperyans aprantisaj baze sou ankèt ak metriz enfòmasyon ki apiye sou yon pwogresyon konpetans baze sou nòm yo (American Association of School Libraries, AASL) Standards (2018) Kad Aprantisaj Elèv yo. Nan aprantisaj pa ankèt, elèv yo jenere pwòp kesyon otantik pa yo sou yon pwoblèm oubyen yon sijè enterè, e avèk konsèy kolaboratif bibliyotèk a ak anseyan pa yo, itilize divès resous ki reponn ak bezwen aprantisaj pa yo pou reponn ak kesyon yo, apre sa prezante aprantisaj pa yo. ● Elimine lakin opòtinite yo, epi amelyore pèfòmans global elèv yo. ● Mete an èv aprantisaj pwofesyonèl bibliyotèkè/pwofesè lekòl yo ki genyen ladan l Konsèpsyon Ankèt Gide (Guided Inquiry Design) pou soutni efò yo ki vize konble lakin yo nan kesyon opòtinite pou elèv yo. ● Kontinye analize akizisyon tèks dirab sou plan kiltirèl ak lengwistik, epi devlope yon pwotokòl odit divèsite koleksyon bibliyotèk alèd de nouvo modèl bibliyotekonomi. <p>Gwoup Konsiltasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Te genyen 15 manm Gwoup Konsiltasyon LSSP ki te enkli 11 fanm ak 4 gason; 11 ki idantifye kòm Blan ak 4 ki idantifye kòm moun Koulè. ● Ekip Bibliyotèk BPS la te itilize Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal (Racial Equity Planning Tool, REPT) pou jenere konsansis inisyal sou konsantrasyon plan |

| | |
|---|---|
| | konsènan aksè elèv pou bibliyotèk. Ekip sa enkli 1 moun ki idantifye kòm Azyatik, 11 Nwa, 4 Latino ak 33 Blan. |
| 2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i> | <p>LSSP22 entegre prensip sa yo nan Plan Estratejik 2020-25 Boston Public Schools , ki vize ak "aksè ekitab pou edikasyon segondè pou chak elèv nan chak sal klas" (p. 6).</p> <p>Sis Angajman Kle Plan Estratejik ak objektif ankraj pètinan te sèvi repè pou objektif yo, mezi ak rezilta LSSP22. Pa egzanp, Objektif Ankraj 1.1B Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS 2022-26 "Kreye ak mete an èv yon montan bidjè pa abitan pou liv bibliyotèk lekòl CLSP yo, resous elektwonik ak materyèl dwe jere pa pèsònèl bibliyotèk lekòl la" alinye sou Objektif Ankraj 1 Plan BPS, ki "Asire ke politik, plan ak bidjè BPS yo fè pwogrese politik sou lakin yo nan kesyon opòtinite ak reyisit pou lekòl nou yo kapab finansè ekitabman..." Konsa, yon montan pa abitan pou pèsònèl nouvo pwogram bibliyotèk, amelyorasyon, imobilizasyon nan ane k'ap vini yo, ak kou devlopman koleksyon pa abitan pou liv bibliyotèk nouvo ak ranplasman yo prevwa yo.</p> <p>Yon lòt egzanp, Objektif 4:2A, "Aksè Ekitab ak yon bidjè bibliyotèk lekòl pèsonalize, an fonksyon de bezwen popilasyon elèv yo," konsevwa pou "amelyore fòm finansman epi kreye divès mekanism pou asire yon distribisyon ekitab resous yo" [Objektif Ankraj BPS 4.2 (BPS Anchor Goal 4.2)].</p> |
| 3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i> | Direktè Sèvis Bibliyotèk BPS te konpare to gradiyasyon avèk to sikilasyon liv bibliyotèk yo. Done yo montre ke lekòl yo ki gen to gradiyasyon ki pi elve yo ofri yo elèv yo divès pwogram bibliyotèk lekòl ki efikas. Aktyèlman, nou nan pwosesis pou kolekte plis done apwofondi sou resous aktyèl bibliyotèk yo ak korelasyon ant resous sa yo e ak demografi elèv yo ak endis opòtinite chak lekòl BPS. |
| 4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i> | Pandan ane pase, tout ekip bibliyotèk la te konekte divès manyè avèk reprezantan pati prenan yo, elèv, anseyan, kominote lekòl yo ak fanmi yo pou kreye Gwoup Konsiltasyon LSSP22. Nan Desanm, ekip la te reflechi ak divès estrateji pou elaji aksè ak divès espas bibliyotèk lekòl yo asire ak aksesib yo epi kreye yon vizyon sou sa bibliyotèk lekòl yo dwe founi ak elèv nou yo avan bezwen ki pi elve yo. Gwoup Konsiltasyon LSSP22 (LSSP22 Consulting Group) itilize eleman sa yo ansanm avèk objektif ankraj Plan Estratejik BPS la pou ankete sikonskripsyon ki enimerè anwo yo pou konnen vizyon yo ak atant pwogram bibliyotèk lekòl yo. Done ankèt ki enfòme objektif ankraj ak angajman kle LSSP22 yo. |
| 5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki strateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i> | <p>Estrateji LSSP22 yo enkli pwomosyon aksè ekitab elèv yo ak bibliyotèk lekòl yo; kreyasyon ak fasilite yon Odit Divèsite Devlopman Koleksyon yo (Collection Development Diversity Audit); seyans devlopman pwofesyonèl gras ak yon kolaborasyon avèk Simmons University pou ofri yon chemen vè la sètifikasyon bibliyotèk lekòl la, epi lanse yon Komite Konsiltasyon Sèvis Bibliyotèk BPS ki enkli elèv yo, pwofesè yo ak fanmi yo.</p> <p>Yon egzamen aliyman Nòm AASL (AASL Standards) yo ak konpetans elèv yo nan metriz enfòmasyon avèk pwogram debaz yo prevwa egalman, yo pral itilize zouti planifikasyon ekite rasyal kòm gid. Chak eleman LSSP22 vize konble lakin yo nan kesyon opòtinite ak pou fè pwogrese ekite rasyal la.</p> <p>Yon konsekans enprevi posib ta kapab antrene yon diminisyon resous pou elèv yo ki deja gen aksè ak bibliyotèk la, paske gen nouvo pwogram ki ajoute nan lekòl yo aktyèlman san bibliyotèk.</p> |
| 6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo,</i> | Vizyon plan se pou tout elèv yo aksede ak yon pwogram bibliyotèk lekòl ki efikas. Plan pwopoze yon montan pa elèv pou nouvo liv bibliyotèk la, yon nouvo estrateji e ki nesès pou bibliyotèk aktyèl yo. Anplis, byen ke li pa enkli nan plan, anviwon 45 bibliyotèk nouvo oubyen renouvle enkli nan bigjè pwopoze pou ESSER Reimagine. Nouvo bibliyotèk sa yo |

| | |
|---|--|
| <p><i>reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p> | <p>pral pwofite de yon aksè ekitab ak bibliyotèk lekòl yo, ak koleksyon CLSP yo, ak pwogramasyon efikas bibliyotèk lekòl yo</p> <p><i>Komite Konsiltatif Sèvis Bibliyotèk BPS yo (BPS Library Services Advisory Committee) pral sipèvize miz an-è plan yo. Gwoup sa pral enkli elèv yo, pwofesè yo, lidè lekòl yo, reprezantan fanmi yo ak patnè kominotè yo, epi pral reflete demografi elèv BPS yo.</i></p> |
| <p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p> | <p>Jan sa mansyone anwo a, Ekip Bibliyotèk BPS la pral devlope Bwat Zouti Koleksyon Done Bibliyotèk la (<i>Library Data Collection Toolkit</i>). Done kolekte yo pral enkli konbyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● liv elèv yo te prete, ● tan elèv yo te itilize bibliyotèk la pou konsilte liv yo, ● elèv ki angaje avèk divès resous bibliyotèk yo pou pwojè aprantisaj pa ankèt yo, ● resous bibliyotèk dijital elèv yo te aksede, ak ● liv ki ajoute nan koleksyon an. <p>Fidbak pwogram bibliyotèk la pral kolekte nan men elèv yo, pwofesè yo, dirijan lekòl yo, fanmi yo ak patnè kominote lekòl yo. Pwen done sa yo pral kondui nan miz an è plan an. Sèvis Bibliyotèk Direktè yo pral itilize plan ak done kolekte yo pou etabli divès objektif anyèl pratik pwofesyonèl. Sirentandan Adjwen Akademik yo pral egzaminen objektif yo pou asire yon aksè ekitab ak efikas elèv yo nan bibliyotèk BPS yo, pedagoji baze sou bibliyotèk yo, ak resous bibliyotèk yo.</p> |